



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE "BILTEN COVID-19", YON TABLODBÒ SOU ENTÈNÈT KI SWIV AN TAN REYÈL ENFEKSYON COVID-19 LA AK OPERASYON TÈS CHAK LEKÒL AK DISTRI LEKÒL NAN NEW YORK**

***Siyen Dekrè Egzekitif pou asire lekòl, depatman sante lokal, laboratwa, ak tout sit tès yo byen kolekte ak rapòte done COVID-19 yo chak jou***

***Kat rapò COVID-19 la gen ladan: Ka pozitif yo selon dat etidyan ak pèsònèl; Kantite etidyan ak pèsònèl sou plas; Pousantaj ka pozitif sou plas; Kantite tès lekòl administre, kalite tès, laboratwa ki itilize ak tan datant; Dat dènye soumisyon ak mizajou***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a lansman "Bilten COVID-19 la", yon tablodbò sou entènèt ki swiv an tan reyèl enfeksyon COVID-19 ak operasyon tès chak lekòl ak distri lekòl nan New York. Gouvènè a te aji selon Dekrè Egzekitif k ap oryante lekòl, depatman sante lokal, laboratwa ak tout sit tès yo pou byen kolekte ak rapòte done tès COVID-19 pou etidyan ak pèsònèl la nan chak lekòl nan Eta New York, ki asire enfòmasyon sa yo ka byen prezante sou Bilten COVID-19 sou entènèt la.

Pandan lekòl yo ap re-ouvri epi distri, depatman sante lokal ak laboratwa yo kòmanse rapòte done sa yo bay Depatman Sante Eta New York, Bilten COVID-19 la pral an dirèk nan: <https://schoolcovidreportcard.health.ny.gov/>

"Reyalite yo pèmèt moun yo pran desizyon enfòme pou sante ak sekirite yo ak fanmi yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Bilten COVID-19 la pral bay paran, pwofesè ak etidyan yo enfòmasyon ki pi ajou yo sou sitiyasyon tès ak rezilta lekòl ak distri lekòl yo. Mwen ankouraje kominote lekòl nou yo pou rete vijilan ak entèlijan."

**Bilten COVID-19 la** pral bay paran, pwofesè, etidyan ak tout Nouyòkè yo done konplè ki ajou, chak jou, ki gen ladan:

- Enfeksyon pozitif selon dat etidyan ak pèsònèl selon lekòl ak distri lekòl
- Si lekòl/distri (ak etidyan ak pèsònèl) ap travay a distans, an pèsòn oswa tou de
- Kantite etidyan ak pèsònèl sou plas
- Pousantaj etidyan ak pèsònèl sou plas ki teste pozitif
- Kantite tès lekòl la administre, kalite tès, laboratwa ki itilize ak tan datant

- Dat dènye soumisyon/mizajou

Tablodbò sou entènèt Bilten COVID-19 la gen yon konsepsyon ki apwopriye pou rann li fasil pou paran, pwofesè, etidyan ak tout Nouyòkè yo jwenn aksè ak done yo nan yon sèl lokal santral. Vizitè yo sou sitwèb la ka sèlman tape adrès kay yo pou idantifye distri lekòl yo a, chwazi lekòl espesifik yo, ak jwenn tout ka pozitif ki rapòte yo, yon divizyon tèl ak rezilta pou etidyan ak pwofesè yo ak enskripsyon aktyèl la. Tablodbò a pral gen grafik tandans sou 7 jou pou vizitè yo ka swiv rezilta yo pwogresivman.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)